ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM
13 август 2020 год №15 (463)




А.-Х. Кадыров




ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ

# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

СОБЫТИЯ

## РАМЗАН КАДЫРОВ ПРОВЕЛ ЗАСЕДАНИЕ ОПЕРАТИВНОГО ШТАБА ПО БОРЬБЕ С COVID-19



Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров провел заседание Оперативного штаба по борьбе с новой коронавирусной инфекцией. Обсуждалась эпидемиологическая, экономическая, гуманитарная обстановка в регионе в период пандемии. Основными докладчиками выступили Председатель Парламента ЧР Магомед Даудов и Председатель Правительства ЧР Муслим Хучиев.

Рамзан Кадыров отметил, что ситуация с распространением COVID-19 находится под полным контролем местных властей. При этом он призвал соблюдать социальную дистанцию и масочный режим, поскольку коронавирус все еще представляет угрозу для жизни и здоровья людей.

«Мы успешно боремся с коронавирусом. Динамика распространения болезни идет на спад. Мы имеем необходимый коечный фонд, оборудование, СИЗ, технику, специалистов, чтобы противостоять этой болезни. Конечно же, несмотря на улучшение эпидемиологической ситуации, угроза COVID-19 все еще актуальна. Поэтому необходимо строго соблюдать социальную дистанцию и масочный режим», – сказал он.

Муслим Хучиев доложил, что в целях недопущения дальнейшего спада экономики и ухудшения благосостояния жителей было внедрено более 30 федеральных и региональных мер поддержки населения и субъектов МСП. Ими смогли воспользоваться 20 тысяч семей и более 500 тысяч детей, а также 7 тысяч представителей бизнеса, в которых занято 11,2 тысяч человек. В рамках благотворительной деятельности РОФ имени Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова более 50 тысяч семей, в том числе остронуждающиеся и малоимущие семьи получили материальную помощь на общую сумму более 700 млн руб. Предоставлено около двух миллионов продуктовых наборов.

По словам Магомеда Даудова, в Чеченской Республике после вспышки коронавируса выявлено 2152 случая заражения. Зарегистрировано 34 случая с летальным исходом. Из медицинских учреждений региона в связи с выздоровлением выписано 1 423 человека. За истекшие сутки положительные тесты на COVID-19 сдали пять жителей ЧР.

Глава ЧР также высоко оценил труд медицинских работников.

«Я хотел особенно отметить наших медиков. Они героически и на высоком профессиональном уровне борются с коронавирусом. За период пандемии нас покинули восемь врачей. Мы должны увековечить их память, чтобы об их подвиге знали будущие поколения. Поручаю Минздраву проработать этот вопрос», – добавил Р. Кадыров.

## МУФТИЙ ЧР В РЕЖИМЕ ВИДЕО-КОНФЕРЕНЦ-СВЯЗИ ПРИНЯЛ УЧАСТИЕ В МЕЖДУНАРОДНОМ ИСЛАМСКОМ ФОРУМЕ

Советник Главы ЧР, Муфтий ЧР Салах-Хаджи Межиев принял участие в работе форума «Обновление исламского фикха. Индивидуальность мусульманских сообществ», прошедшего в формате видеоконференции.

Организатором форума выступил Всемирный совет мусульманских сообществ – ОАЭ во главе с Шейхом Али Рашидом Аль-Нуайми.



Муфтий Салах-Хаджи Межиев выступил с докладом на тему: «Возможно ли обходить учения школ фикха в обучении и вынесении фетвы?».

Салах-Хаджи Межиев подчеркнул огромную важность поднятой сегодня мусульманским сообществом темы.

Богословов подчеркнул, что некоторые люди из числа мусульман принимают фетвы, которые не исходят из четырех мазхабов.

Все фетвы, которые исходят от богословов, должны опираться на четыре мазхаба, так было во все времена. Это касается и тех, кто игнорирует Коран и Сунну при вынесении решений (фетв).

«Мы, участники видеоконференции, крайне не согласны с такой точкой зрения некоторой части мусульман. Потому что как бы не менялась жизнь или обстоятельства, мусульманская Умма обязана придерживаться тех правил, которые ставят перед собой четыре мазхаба. Новая фатва также должна выноситься на основании этих четырех мазхабов, что и было рассмотрено сегодня исламскими учёными и богословами со всего мира», - сказал Муфтий ЧР Салах-Хаджи Межиев.

*Магомед Нацуров*

СУННАТАШ А, ПАРЗАШ А

## ЖАМАІАТЕХЬ ЛАМАЗ ДАРАН ДОЗАЛЛА

Хастам бу АллахI-Далла, бусалба нахана ламаз тIедиллина волчу. Делера салам-маршалла вай Элчанна Мухьаммадна а, цуьнан доьзалшна а, асхьабашна а хуьлда.

Лараме махкахой! Веза-Сийлахьчу Дала вайна ламаз дар тIедиллина, уггаре а коьрта Iамал и хилар билгалдеш.



Бакъду, Дела лууш ву вай дечу Iибадатехь вайна алссам ял хилар, юккъехь марзо, барт болуш вайн дахар хилар.

Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «Делан динах тасало шу дерриге а, декъа а ма ло шу» (Сурат «Алу-Іимран», I03-гIа аят).

Дала вайга омра дина жамаIатехь ламаз де, вовшех къеста а ма къеста, аьлла. Іумаран кIанта (Дела реза хуьлда цунна) далийначу хьадисехь ду, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «ЖамаIатехь дина долу ламаз ша хIоьттина динчу ламазал ткъе ворхI даржехь деза ду» (Бухарис дийцина хьадис).

Парз ламаз маьждигехь дар къаьсттина а деза ду, къинойх цIанвеш а ду, хIунда аьлча, маьждигаш АллахI-Делан хIусамаш ю. Шен хIусамехь (маьждигехь) адамаша ламаз дар Далла дезаш ду.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Шен цIахь ламаз а эцна, цул тIаьхьа АллахI-Делан хIусамех цхьана цIачу ваханарг милла велахь а, АллахIан парзах цхьа парз кхочушдан, цо цига воьдуш баьхна когаш хир бу, цхьаьнца вон дIадоккхуш, вукхуьнца даржехь ойбуш» (Муслима дийцина хьадис).

Іусмана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Ша эца ма деззара ламаз а эцна, цул тIаьхьа маьждиге вахана, имамана тIаьхьахIоьттина ламаз динарг, цуьнан къинош гечдина ду» (Ибн Хузаймата дийцина хьадис).

Маьждигехь жамаIатца ламаз деш цхьа тоба яцахь, ерриге а юрт Далла Іеса хилла ю. Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Кхо стаг хир ма вац юртахь, я аренахь, шайна юккъехь жамаIатца ламаз ца хIоттош, шайтIано царна тIехь толам боккхуш а бен. ТIаккха шун декхар ду жамаIатца хилар, баккъал а, барзо жанах гена баьлла дIакъаьстинарг буу» (Абу Давуда дийцина хьадис).

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Шовзткъа дийнахь маьждигехь жамаIатца ламаз динарг, ламаз дехкаран такбире ша кхуьуш, цунна язбо ши тешам: жоьжахатех хьалхавитаран тешам, мунепакъ цахиларан тешам» (Тирмизис дийцина хьадис).

Маьждигехь жамаIатца ламаз дан нийят долуш араваьлларг ял йоцуш ца вуьсу, оцу ламазе иза ца кхиъанехь а.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Ша эца ма деззара ламаз эцна, маьждиге ваханарг, тIаккха нах ламаз дина бевлла цунна карийча, Дала цунна ламаз динчарна, маьждиге баьхкинчарна йоллу ял лур ю, церан йолах хIумма а эша ца еш» (Абу Давуда дийцина хьадис).

Лараме вежарий! Бусалба дино вай сутара до ламаз жамаIатца дарна тIехь. Цо вайн безам тIебохуьйту къаьсттина Іуьйра а, пхьуьйра а ламазаш маьждигехь жамаIатца дарна. Дала вайна ерриге а буьйса Iамал еш денъяран мел язбо, и ши ламаз жамаIатца дича.

Iаффанан кIанта Іусмана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Пхьуьйра ламаз жамаIатца динарг – ах буьйса ламазехь яккхинчух терра ву. Іуьйра ламаз жамаIатца динарг – ерриге а буьйса ламаз деш яккхинчух терра ву» (Муслима дийцина хьадис).

Іумаран кIанта (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Іуьйра ламазехь а, пхьуьйра ламазехь а цхьа стаг тхайна (маьждигехь) ца карийча, цунах лаьцна вуон ойла кхоллалора тхан» (ТIабранис дийцина иза).

Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) ша вала герга ваханчу хенахь элира: «Ас шуна дуьйцур ду Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дуьйцуш сайна хезнарг. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезна суна: «АллахIана Іибадат де ахь, хьайна Иза гуш волуш санна. Хьуна Иза гуш вацахь а, Цунна хьо гуш ма ву. Беллачарна юккъехь хьо вагарве ахь, айхьа зулам динчун доIанах (сардамах) ларло хьо, иза шена жоп луш ду хьуна. Іуьйра а, пхьуьйра а ламазе ваха ницкъ кхочуш верг – цига гIойла, текхаш вахана а» (ТIабранис дийцина хьадис).

Іуьйра ламаз жамаIатехь динарг Дала Iалашвеш хуьлу. Джундубан кIанта Самурата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Іуьйра ламаз (жамаIатехь) динарг, иза Лекхачу Дала Iалашвеш ву» (Ибн МажахIа дийцина хьадис).

СаIдан кIанта СахIла (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Бодашкахь маьждиге боьлхучу нахе кхаъ баккха ахь, Къемат дийнахь царна кхоччуш нур хир ду, аьлла» ( Ибн МажахIа дийцина хьадис).

Маликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «ЖамаIатехь Іуьйра ламаз а дина, тIаккха малх схьакхетталц АллахI-Дела хьехо охьахиъна, цул тIаьхьа ши ракаIат суннат ламаз динчунна – хьаьж, Іумрат динччул ял хир ю». Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Кхоччуш, кхоччуш, кхоччуш» (Тирмизис дийцина хьадис).

Іуьйра а, пхьуьйра а ламаз маьждигехь жамаIатца деш волчунна мунепакъалла тIедогIур дац. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Іуьйра ламазал а, пхьуьйра ламазал а мунепакъ нахана хала долуш цхьа а ламаз ма дац. Оцу шина ламазехь дерг (цу шиннан дозалла) царна хиъча, оцу шина ламазе (жамаIатца дан) гIур ма бара уьш, текхаш бахана а. Суна дагадеара, моллалла кхойкхуш волчуьнга ламаз дIахIотто омра дан, тIаккха цIеран алу схьа а эцна, ламазе ца баьхкинчарна цIейилла» (Бухарис дийцина хьадис).



Лараме махкахой! Тахана вайн махкахь дуккха а маьждигаш дина, хазачу куьцахь а долуш. Бакъду, оцу чохь ламазаш дарца, Къуръан дешарца, хьехамаш барца бен кхочуш ца хуьлу церан хазалла. Тахана Дала вайна еллачу паргIатонан вай пусар деш ца хилахь, Дала цунах вай хьего герга ду.

Сан весет ду вежаршка, шайн ницкъ кхачаран барамехь ламазаш маьждигехь жамаIатца де аьлла.

Веза-Сийлахьчу Дала ийман, хьекъал лойла вайна, шайна чохь жамаIатца ламазаш дар бахьанехь маьждигаш дендан.

*Магамедов Сулиман*

## ТОБА ДАР

АIу́зу билла́хIи минашшайтIо́нир-рожи́м, БисмиллáхIиррохьмáниррохьи́м. АшхIаду аллá илáхIа иллаллахIу, ва ашхIаду анна Мухьаммадаррасу́луллахIи, АллахIумма Я Аллá хI!

Сайгара Хьо рéзавóцуш мел даьллачунна дохковаьлла со, Я АллахI! Сайна хууш, ца хууш айса мел летийначу къиношна, Я АллахI, дохковаьлла со, тоба дина Хьоьга гечдар доьху ас, Я АллахI! АстагIфируллахI, АстагIфируллахI, АстагIфируллахI, я АллахI! Къóбалдéхьа сан тóба, Хьо рéзаволу дохковáлар лóхьа суна, сан гIийлачу Iамалшка хьаьжна ца Iаш, Хьан гIийла лай вара со, Я АллахI! Хьайн сийлахьчу къинхетамца гечдéхьа суна, Я АллахI! Я АллахI! Сайн ницкъ ма-кхоччу Хьо рéзавóцург сайгара ца дáлийта нийят до ас. Я АллахI! Хьо рéзавóцурш соьгара дийларх со ларвéхьа, вóчух гéнаваккхахьа со, Я АллахI! Хьо рéзаволчу нéкъа тIехь нисвéхьа со, ийманехь, Исламехь совваккхахьа со, Я АллахI! Сан дéна-нáнна, сан йижаршна-вежаршна гечдéхьа, Хьайн къинхетам бéхьа цáрах, Я АллахI! Хьайн сийлахьчу къинхетамца жоп лóхьа сан доIийна! АллахIумма солли Iалá МухьаммадиввaIалá, áли Мухьаммадиввасаллим.

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ИСПАМАН НУЬРЕХЬ

# IИЙСА-ПАЙХАМАР

*(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Маликаша (Жабраил-малико) аьлла хан хьахае: «ХIай Маръям, баккъал а, АллахIа хаьржина хьо, Цо цIанйина хьо, Цо хаьржина хьо (цу заман) Iаламийн зударшлахь. ХIай Маръям, хьайн Далла муьтIахь хиларна тIехь латталахь, сужуд а де, рукуIе боьлхучаьрца рукуIе а гIо (ламаз дечаьрца ламаз де)» («Алу Iимран», 42-43).

Iийса-пайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) нана Маръям Далла Iибадат дечу хенахь жима хилла. Дала Жабраил-малик (Делера салам хуьлда цунна) дахийтира и йолчу, хаза юьхь-сибат долчу стеган куьцахь. Цо цуьнга кхаъ баьккхира, хьуна цIена кIант вала ваийтина Делан геланча ву ша, аьлла. Жабраил-малико (Делера салам хуьлда цунна) Маръяман кучан чета Iаь туьйхира, цунах бахьана хIоьттина Маръям доьзалхочух хилира (боьрша стаг улле вахана а воцуш). Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Маликаша (Жабраил-малико) аьлла хан хьахае: «ХIай Маръям, баккъал а, АллахIа кхаъ боккху хьоьга Шегара Дашца, цуьнан цIе «Масихь» – Маръяман кIант Iийса ю, ша дуьненахь а, эхартахь а сийдолуш волуш, ша (Дала) гергабинчарах а волуш. Нахе вистхир ву иза агана чохь а, гIеметта хIоьттича а, дикачу нахах а хир ву иза. Цо (Маръяма) элира: «Сан Дела! Муха хир ву сан кIант, сох (цхьа а) стаг хьакхавелла а ца хилча?» Цо (Дала) элира: «Иштта АллахIа кхуллу Шена (кхолла) луург. Шена цхьа болх лиъча, Цо олу цуьнга: «Хила!» – тIаккха и хуьлу. Цо цунна (Iийсана) Iамор ду йоза а, хьикмат а, Таврат а, Инжийл а» («Алу Iимран», 45-48).

Цул тIаьхьа Вифлеем йолчу агIор дIаяхара иза, новкъахь цунна доьзалхочух йолчунна хуьлуш долу лазарш хааделира. ТIаккха иза гIайгIане а йолуш, дакъаделлачу хурманан дитта кIел яхара, цигахь Iийса (Делера салам хуьлда цунна) дуьнен чу а велира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Иза (Жабраил-малик) цуьнга кхайкхира (хурманан диттана) кIелара: «Хьо гIайгIане ма хила, Хьан Дала хьуна хьалха (хин) татол хилийтина. Хьайна тIе ластаде хурманан диттан га, цо егор ю хьуна мадъелла тIеда хурманаш. Ахь яа, мала а мала, хьайн дог паргIат а даккха. Хьайна нахах цхьаъ гича, ахь ала: «Ас чIагIо йина Къинхетаме волчунна марха кхаба, тахана адаме йист хир йолуш ма яц со». ТIаккха и яхара цуьнца (Iийсаца) шен нах болчу, (шен карахь) ша и хьош, цара элира: «ХIай Маръям, ма тамашийна хIума дина ахь! ХIай ХIарунах тера ерг (Iибадат дарехь)! Хьан да вуон стаг ма вацара, хьан нана ма яцара харц некъ лелош». Цо ишар йира цунна (Iийсана) тIе. Цара элира: «Тхо муха дистхир ду агана чохь долчу бере?» Цо (Iийсас) элира: «Со АллахIан лай ву, Цо соьга жайна а делла, Цо сох пайхамар а вина. Цо со беркате а вина, со миччахь велахь. Цо соьга весет дина, ламаз де, закат ло, аьлла, – со дийна мел ву. (Цо со вина) сайн нанна муьтIахь, Цо сох ца вина къиза а, дакъазваьлларг а. Маршо ю суна (Делера) со дуьнен чу ваьллачу дийнахь со лийр волчу дийнахь а, со юха денвийр волчу дийнахь а!» («Маръям», 24-33).

Бакъду, наха къобал ца дира шайна гина Iаламат, цара агана чуьра бер дистхилар бозбуанчаллех ду, элира. Оцу заманахь марха кхабарна юкъадогIуш хилла вист ца хилар а, яахIума ца яар а. Бакъду, вайн шариIатехь марха кхобучунна мегаш дац сарралц вист ца хуьлуш Iар.

Цул тIаьхьа Iийсас (Делера салам хуьлда цунна) элира: «Баккъал а, АллахI – сан Дела а, шун Дела а ву, Цунна Iибадат де аш. ХIара бу нийса некъ» («Маръям», 36).

Вифлеем олучу шахьарахь кхиира Iийса (Делера салам хуьлда цунна). Ша агана чохь волуш вистхиллачул тIаьхьа, берашна мотт Iемачу хене валлалц вистхилла вац иза. Цул тIаьхьа Дала хьекъал а, говза мотт а белира цунна. Бакъду, цуьнгахь долу делилаш къобал ца дира жуьгташа, бехк боцчу Маръямана тIехь харц цIе кхоьллира цара. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Цара керсталла дар бахьанехь, цара Маръямана тIехь чIогIа харц цIе кхуллуш аьлла долу дош бахьанехь а (неIалт аьлла царна) («Ан-Нисаъ», 15)6.

Iийса-пайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) вархI шо кхаьчча, цуьнан нанас Iилма Iамадайта дIавелира иза. Дала цунна тамашийна белхаш гойтуш хилла. Шеца ловзуш долчу берашна цо дуьйцуш хилла, церан наноша царна дIайиллинчу юучу хIуманах лаьцна. ТIаккха жуьгтий кхерабелира, и бер бахьанехь шайгара харцо гучуяларна а, шаьш даржах дохарна а. Къайлах Iийса (Делера салам хуьлда цунна) вен барт бира цара. Дала Маръямана дагатесира, шен кIантаца Иерусалиме дIаяха еза ша, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Оха хилийтира Маръяман кIантах а, цуьнан ненах а билгало. Оха и шиъ даха хаийра, шовда а долчу айъаеллачу меттигехь» («Аль-Муъминун», 50).

Iийсан (Делера салам хуьда цунна) 30 шо кхаьчча, Дала цуьнга Инжийл а, пайхамаралла а делира. ТIаккха Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна), Делан пурбанца, шен халкъ дине кхайкха волавелира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Царна тIаьххье Маръяман кIант Iийса вахийтира Оха, шел хьалха хилла долу Таврат бакъдеш. Оха цуьнга Инжийл делира, шегахь нийса некъ а, нур а долуш, шел хьалха хилла Таврат ша бакъдеш долу, ша нийса некъ а, Делах кхоьруш болчарна хьехам а хилла долу» («Аль-Маидат», 46).

Дала хIора пайхамарна луш долу Iаламат – оцу заманахь бехачу нехан хьоле а, лазаме а хьаьжжина луш хилла. Iийса-пайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) заманахь бIаьрса доцуш береш дуьнен чу довлар а, лоьрашка дарба ца далуш йолу барс (проказа) олу цамгар а яьржина хиллера. Оцу цамгаршна дарба дора Iийсас (Делера салам хуьлда цунна), Делан пурбанца. БIаьрса доцчун юьхьа тIе цо куьг хьаькхча, цуьнан бIаьрса схьадогIура, барс олу цамгар йолчун дегIа тIе цо куьг хьаькхча, цуьнан цамгар дIайолура. Цул сов, веллачун коша тIе а вахана, цо доIа дича, Делан пурбанца, велларг денлора. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «(Дала иза) Исраилан доьзалшка элча вина вохуьйтур ву. (Цо эр ду): «Баккъал а, со веана шуьга шун Делера билгалонца, ас поппарх кхуллур ду шуна олхазаран суьртах тераниг, цунна чу хIуп эр ду ас – АллахIан пурбанца олхазар хир ду цунах, ас дарба дийр ду бIаьрса доцчунна а, барс (проказа) цамгар йолчунна а, белларш а денбийр бу ас, АллахIан пурбанца, ас дуьйцур ду шуна аша юучух а, аш шайн цIеношкахь дIаюьллуш йолчух а лаьцна. Баккъал а, оцу балхехь билгало ю шуна, шу Делах тешаш делахь» («Алу Iимран», 49).

И даккхий Iаламаташ, билгалонаш шайн бIаьрга гича а, кIеззиг болчу наха бен ийман ца диллира цуьнга. Бакъду, царах дукхахберш шайн керсталлехь а, тиларна чохь а чIагIбелира. Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) Исраилан доьзалшка вахийтина тIаьххьара пайхамар ву. Цхьана дийнахь хьехам беш, шел тIаьхьа вогIур волчу пайхамаран цIе а, цуьнан куьцаш а дуьйцуш шен къоме кхаъ баьккхира цо. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Маръяман кIанта Iийсас аьлла хан хьахае: «ХIай Исраилан доьзалш! Баккъал а, со шуьга ваийтина Делан Элча ву, сол хьалха хилла Таврат бакъдеш а, Ахьмад (Мухьаммад) цIе йолуш сол тIаьхьа вогIур волчу элчанца кхаъ боккхуш а» («Ас-Софф», 6).

Шена тIаьхьахIиттинчаьрга, кхаа дийнахь марха кхаба аьлла, омра дира Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна); шийтта стаг вара уьш. Шаьш марханаш кхаьбна бевлча, цара цуьнга дехар дира, чохь даар долуш шун доссадехьа шайна стиглара аьлла. Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) царна хьехам бира, Дала шуна и ниIмат делча, аш дан ма-деззара шукра ца дарна кхоьру ша, аьлла. Цара и дехар ца дитича, Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) Деле доIа дира, церан дехар кхочушдар доьхуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Хьаварийюнаша (Iийсана тIаьхьахIиттина апостолш) аьлла хан хьахае: «ХIай Маръяман кIант Iийса, хьан Делан ницкъ кхочур барий тхуна стиглара шун доссо?» Цо элира: «Делах кхера шу, шаьш ийман диллина делахь». Цара элира: «Тхуна лаьа цу чуьра хIума яа, тхайн дегнаш паргIатдаха а, хьо тхоьга бакълийна хилар тхуна хаа а, оцу тIехь тхо тоьшалла дечарах хила а». Маръяман кIанта Iийсас элира: «Я АллахI – тхан Дела, стиглара шун доссадехьа тхуна, цунах тхуна – тхан хьалхарачарна а, тхан тIаьхьарчарна – Iийд (дезде) а, Хьоьгара билгало а хир йолуш. Тхуна рицкъ а лохьа, рицкъ лучарах уггар диканиг ма ву Хьо». Дала элира: «Ас доссор ду шуна и (даарх дуьззина шун). Цул тIаьхьа шух керсталла диначунна чIогIа Iазап лур ду Ас, Iаламехь Айса цхьанне а ца деллачу кепара» («Аль-Маидат», 112-115).

ТIаккха Везачу Дала стиглара шун доссийра царна, уьш цуьнга хьоьжуш а болуш. И герга мел хуьлу, Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) Деле доьхуш хилла, Iазап ца доссош, къинхетам боссабехьа цуьнца бохуш. Iийсана (Делера салам хуьлда цунна) хьалхха и сецча, цунна тIе тесна гата дIадаьккхира цо, ша олуш: «Бисмилла́хIи хойрир-ро́зикъи́н (рицкъа лучарах уггар диканиг Волчу АллахIан цIарца)». Оцу чохь вархI чIара а, ворхI хьокхам а хилла. Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) оцу чуьра даар даа, аьлла, шайга омра дича, цара жоп делира, ахь хьалха диъча бен дуур дац шаьш, аьлла. ТIаккха Iийсас (Делера салам хуьлда цунна) къечаьрга а, балехь болчаьрга а, цомгашчаьрга а омра дира – цхьа эзар кхо бIе гергга хилла уьш. Цара и даар диъча, цомгаш берш тобелира, балехь берш паргIатбевлира, меца берш буьзира. Дала царна хIора дийнахь доссош хилла и шун, цара массара оцу чуьра даар дууш а хилла. Бакъду, шайна деллачу ниIматана шукра ца дира цара, и бахьанехь дIахадийра царах и дика. ТIаьхьахьалха и даккхий Iаламаташ гучудевлча, жуьгтийн тхьамданаш шайгара дарж дIадаларна кхерабелира. Мотт-эладита эцна, оцу заманахь волчу паччахьна тIе бахара уьш, Iийса (Делера салам хуьлда цунна) хьо даржах вохо гIерташ ву, аьлла. ТIаккха оцу паччахьа Iийса (Делера салам хуьлда цунна) схьалаца эскархой бахийтира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Iийсас шена цаьргара керсталла хааделча, элира: «Сан гIоьнчий муьлш бу Делан динан гIодарехь?» Хьаварийюнаша (Iийсана тIаьхьахIиттина апостолш) элира: «Тхо ду Делан (динан) гIоьнчий, Делах тешна тхо, ахь тоьшалла де тхо муьтIахь дерш (бусулбанаш) ду, алий. Тхан Дела! Ахь доссийначух тешнакх тхо, (Хьан) элчанна (Iийсана) тIаьхьдаьзна-кх тхо – Ахь дIаязде тхо тоьшалла динчаьрца» («Алу Iимран», 52-53).

Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) дин кхайкхо волавелла кхо шо даьллачул тIаьхьа, и вен барт бира жуьгташа. Везчу Далла Iийса (Делера салам хуьлда цунна) стигала хьалаваккха лиъначу хенахь, шен асхьабашна тIевахара иза. Вай хьалха ма-аллара, шийтта стаг хилла уьш. Цо цаьрга элира: «Мила ву шух сох тарвала реза хинверг, тIаккха иза сан меттана вуьйр волуш, соьца цхьаьна хир вара иза (ялсаманехь)?» Царна юккъера цхьа жима стаг хьалагIаьттира, амма Iийсас (Делера салам хуьлда цунна) иза охьахаийра, и массарел жима волу дела. Цул тIаьхьа юха а хаттар дира цо цаьрга, цхьа а реза ца хилира, и жима стаг воцург. ТIаккха Iийсас (Делера салам хуьлда цунна) цуьнга элира: «Хьо хир ву сох тера». Цуьнан куц а, юьхьсибат а хийцаделира, иза Iийсапайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) куьце вирзира. Iийсапайхамар (Делера салам хуьлда цунна) церан бIаьргашна а гуш, тховх долчу корехула хьалаваьккхина, стигала хьалавигира. Иза лоьхуш баьхкинчу жуьгташа цунах тера верг схьалаьцна, тIаккха иза вен а вийна, хьостамашца жIарах дIатуьйхира. Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) Дала стигала хьалавигначул тIаьхьа, кхаа декъе бекъабелира нах. Цхьана тобано иза Дела ву, вукха тобано – иза Делан кIант ву, элира. Оцу шина тобано керсталла дира. Дела цхьаъвеш болчу нехан тобано - иза Делан лай а, Цуьнан элча а ву, элира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Дала аьлла хан хьахае: «ХIай Iийса, Ас хьо дIаоьцур ву (дийна а волуш), стигал хьалавоккхур ву, хьо дIацIанвийр ву керсталла динчарах, хьуна тIаьхьабаьзнарш керсталла динчарна тIехула бийр бу Ас къематде даллалц. ТIаккха Соьга ду шун дерзар, Ас кхиэл йийр ю шуна юккъехь, шун барт боьхна долчу хIуманна тIехь» («Алу Iимран», 55).

И жима стаг Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) ву моьттуш шаьш вийначул тIаьхьа, шекбевлира жуьгтий. Цара вовшашка элира: «Вай вийнарг Iийса велахь – хIоккхера накъост мичахь ву, вай вийнарг хIокхера накъост велахь – тIаккха Iийса мичахь ву?» Цуьнан бисина асхьабаш дийна битира цара, шаьш уьш байича нах шайна дуьхьалбовларх кхийрина. Цул тIаьхьа, ши бIе шовзткъа шарахь, къайлах, Дела цхьаъ варан дине нах кхойкхуш лийлира Iийсапайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) асхьабаш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Цара аларна: «Баккъалла а, оха вийна «Масихь» – Маръяман кIант Iийса, Делан элча волу» - (неIалт аьлла царна). Цара вийна вац иза я жIарах дIатоьхна а вац иза, бакъду, царна (Iийсах) тарвина (шаьш вийнарг)» («Ан-Нисаъ», 15).

Дукхахболчу Iеламнаха, Iийсапайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) стигала хьалавоккхучу хенахь ткъе кхойтта шо дара, аьлла. Къематде дан герга деача, Дала лаьтта тIе охьавоссор волуш ву иза. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен хьадисехь билгалдина, шовзткъа шарахь лаьтта тIехь вехар ву иза, аьлла. Цо Даджал (антихрист) вуьйр ву, жIараш кегйийр ю, хьакхарчий йойур ю, налогаш дIайохур ю, бусалба дин доцург - кхидолу динаш а дIадохур ду. Цул тIаьхьа и дIакхелхар ву, бусалба наха цунна докъан ламаз а дина, Пайхамарна а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цуьнан шина асхьабана – Абубакарна а, Iумарна а (Дела реза хуьлда цаьршинна) уллехь дIавуллур ву. Къематдийнахь Дала Iийса-пайхамаре (Делера салам хуьлда цунна) хоттур долуш ду, цуьнан къоме бехк боккхуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Дала эр долу хан хьахае: «ХIай Маръяман кIант Iийса, ахь аьллерий нахе хьох а, хьайн ненах а шиъ Дела вина лаца, АллахI витий?». Цо эр ду: «Хьо цIанво ас (Хьоьца там боцчух), суна там болуш ма дац сайн бакъо йоцург ас ала. Ас и аьлла хилча – Хьуна и хууш хир дара. Хьо хууш ма ву соьгахь дерг, ткъа со хууш вац Хьоьгахь дерг. Баккъал а, Хьо ву къайленаш хууш верг. Ас цаьрга аьлла дац Ахь соьга омра динарг бен: «АллахIана Iибадат де аш, сан Дела а, шун Дела а волчу». Со царна тIехь теш вара, царна юккъехь со мел ву, Ахь со дIаэцначул тIаьхьа Хьо ву-кх цара мел лелийнарг хууш верг. Хьо массо хIуманна тIехь теш Ву» («Аль-Маидат», 116-117).

Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) стигала ваьккхинчул тIаьхьа ялх бIешо хан елира, дин кхайкхо пайхамар ца вогIуш. Цул тIаьхьа, Iаламах къинхетам беш, вайн элча волу Мухьаммад пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ваийтира Веза-Сийлахьчу Дала.

***Магомедов Сулиман***

ИСПАМСКОЕ ПРАВО

# МАЛОЕ РИТУАЛЬНОЕ ОМОВЕНИЕ

Обязательных составных частей (т.е. фарзов) в малом омовении шесть: 1) мысленное представление намерения в начале мытья лица, 2) мытье лица, 3) мытье рук по локти (включительно), 4) обтирание незначительной части головы, 5) мытье ног по щиколотки (включительно), 6) соблюдение приведенной последовательности так, как мы упомянули ее (выше).

Его желательные составные части (т.е. суннаты) – это все остальное.

Совершающий малое ритуальное омовение мысленно представляет намерение устранить осквернение или (совершить) очищение для молитвы, или для (другого) действия, которое не разрешается совершать без очищения. Это касается всех, кроме (женщины) больной истечением (не менструальной) крови, того, кто страдает недержанием мочи или совершает омовение землей. Он (т.е. каждый из них) мысленно представит намерение исполнить обряд очищения, позволяющий совершить обязательную молитву (потому что они не в состоянии совершить полноценное ритуальное омовение). Его условия (т.е. обязательными условиями намерения) является мысленное представление задуманного и его сочетание с началом мытья лица.

Но желательно произнести намерение (т.е. озвучить его, это помогает формированию мысли в намерении), и чтобы оно (т.е. намерение) было представлено с начала омовения (с начала мытья кистей рук, (желательно) упомянуть имя Всевышнего Аллаха (в начале омовения также желательно произнести слова взывания о помощи к Аллаху от проклятого шайтана перед произнесением имени Всевышнего), трижды мыть кисти рук. Затем он чистит зубы (т.е. использует сивак), поласкает рот, вбирает воду в нос (с последующим сморканием), (все это он делает по три раза) тремя горстями, делает это (т.е. полоскание и промывание) с преувеличением, если он не является постящимся, (если да), то мягче (т.е. умеренно). Затем три раза моет лицо, это то, что между местом обычного произрастания волос на голове и подбородком в длину и между ушами в ширину. Следует помыть все волосы на лице, с внешней и внутренней стороны, кроме бороды и волос на лице, растущих от висков по щекам, так как их внешнюю и внутреннюю сторону и кожу под ними необходимо мыть, если (они) редкие, а внешнюю, только тогда, когда (они) густые. Но все же (когда они густые) желательно (их) прочесывать (пальцами). (Также) необходимо пролить воду по поверхности свисающей от подбородка части бороды. Необходимо помыть часть головы и все (остальное из того), что окружает лицо, чтобы убедиться в полноте мытья лица. Желательно прочесывать (густую) бороду снизу, снова зачерпнув горсть воды. Затем (он) моет руки по локти (включительно) три раза. Если рука ампутирована в предплечье, необходимо помыть (ее) оставшуюся часть, если ампутирована в локтевом суставе, необходимо помыть край плеча (плечо – верхняя часть руки до локтевого сустава), если ампутирована в плече, желательно помыть ее оставшуюся часть. Затем (он) обтирает голову. Если он положит руку на голову (даже) без обтирания, так, что намочит то, что подлежит обтиранию, а это (по меньшей мере) часть (одного) волоса, который при разглаживании не выходит за пределы (волосистой части) головы, или если (даже) капнет (на нее) и она (т.е. капля) не потечет, или помоет ее (т.е. голову), то этого достаточно. Затем, снова смочив руки, он трижды обтирает уши с внешней и внутренней стороны. Затем, снова смочив руки, трижды обтирает слуховые каналы, он вводит в них мизинцы. Затем трижды моет ноги вместе с щиколотками. Если он усомнится в трехкратности (омовения какой-нибудь) части тела, он возьмет (за основу) наименьшее (количество), затем для достоверности восполнит трехкратность.

Он правую руку и правую ногу моет (раньше левой), не кисть руки, не щеку и не ухо, их он моет за один раз. Он (согласно желательному предписанию шариата) продлит (расширит) белизну лица (мытьем части головы и шеи вместе с ним), белизну рук и ног (мытьем рук выше локтей и ног выше щиколоток), (это белизна, которая согласно хадисам Посланника Аллаха, Да благословит его Аллах и приветствует, в День страшного Суда, будет излучать свет, являющийся знаком совершенных омовений).

Он омывает части (тела) непрерывно. Но, если он даже разделит омывание частей на большие промежутки времени, оно считается допустимым без обновления намерения. После завершения омовения он скажет: «АшхIаду ан ла илахIа иллаллахIу вахьдахIу ла шарика лахIу, ва ашхIаду анна Мухьаммадан IабдухIу ва расулухIу. АллахIуммаджIальни минат-таввабина ваджIальни миналь-мутатIаххIирина ваджIальни мин Iибадикас-салихьина. СубхьанакаллахIумма ва бихьамдика, ашхIаду ан ла илахIа илла Анта астагIфирука ва атубу илайка» (Свидетельствую, что нет Бога кроме одного лишь Аллаха, у которого нет сотоварища, и свидетельствую, что Мухаммад – Его Раб и Посланник. О Аллах! Причисли меня к кающимся, причисли меня к очищающимся, причисли меня к рабам Своим благочестивым. Слава Тебе, о Аллах и хвала Тебе, свидетельствую, что нет бога кроме Тебя, прошу Тебя о прощении и приношу Тебе свое покаяние).

Этика омовения (то же, что и желательные предписания – суннаты): 1) он обращается лицом к Кибле; 2) не разговаривает без нужды; 3) начинает (мыть лицо) с самой ее верхней части; 4) сдвигает кольцо, чтобы под него попала вода; 5) проводит мизинцем левой руки, между пальцами ног в направлении снизу вверх, начиная с мизинца правой ноги и заканчивая мизинцем левой ноги; 6) не высушивает (омытые) части (тела); 7) не отряхивает руки; 8) не просит никого полить ему (воды, если в этом нет необходимости); 9) не обтирает шею (потому что, это не входит в ритуал омовения).

Если под ногтями была грязь, препятствующая доступу воды, омовение считается недействительным. Если во время омовения он усомнится в мытье одной из омываемых частей, он обязан омыть ее вместе с другими частями, которые следуют за ней (соблюдая порядок последовательности). Если (он усомнится в мытье какой-либо части) после завершения (омовения), это его ни к чему не обязывает.

***С. Б. Муртазаев***



ПРОРОЧЕСКАЯ МИССИЯ

# Мухьаммад волчу дуьххьара Жабраил-малик дар

*(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*

Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен хIусамненан цIа чохь Iаш вара. Хадижатана махлелош гIодарца, шена ваха рицкъа доккхуш а вара. Шен деда Iабдул-МуттIалиб велча, ша кхаьбна волчу девешина Абу-ТIалибна гIо дан лууш а вара иза. Абу-ТIалиб къен стаг вара, бераш дуккха а дара цуьнан. Цуьнан уггаре а жимахволу кIант Iали (Турпал-Iела) ша волчу кхаба дIавуьгу Мухьаммада, девешина хьалха ша декхарийлахь хеташ, ша кхабарна цунна баркалла олуш. Хадижатана а, Мухьаммадана а, шинне а дукхавийзира Iали. Шайн кIант санна лелош вара цаьршимма иза. Сих-сиха КаIбат долчу воьдура Мухьаммад, ойланаш йора цо, ИбрахIим Пайхамара (IалайхIис-салам) дина хIара цIа, цхьаъ волчу Далла Iибадат дан меттиг ма ю, цхьана а тайпана нахана дан гIо а доцуш, дан зен а, бала пайда а боцуш долчу суьртех юьзна ма ю. Цхьа а хIума гуш, хезаш ма дац и суьрташ. Маккарчу наха тIулгех, дечигах дан а дина, уьш шайн деланаш бу бохуш, царна Iибадат деш, царна хьалха, гIурба до бохуш, даьхни дойуш леладарх лаьцна ойланаш йора Мухьаммада. ЧIогIа дагахьбаллам а, лазам а бара цунна цара лелош йолчу харцонна, церан галбовларна. Шена гонаха хьаьжча, цунна гуш берш телхина нах бара. Къаьркъа муьйлуш бара. Хьалдолуш болу нах мискачарна тIехь таIзар латтош бара, буоберийн а, бисина Iаш болчу зударийн а даьхни дууш бара. ГIо оьшуш болчу нахана юхалург ахча а лора цара, тIера йоккха ял (проценташ) йоккхуш. Къиза нах бара. Йоккха хилча, тIе эхь дохьур ду олий, шайн йоI юьйра цара, яа хIума цатоарна кхоьруш, тухий, шайн кIант а вуьйра.

Паччахьаша нахах шайн лайш бинера, къам, жа санна, лоллий дIаса а дуьгура шайна луъуче. Адамийн бала болуш, царна хIун оьшу хьожуш цхьа а вацара. Цаваьллачу денна царех къаьстина, генаваьлла Iаш вара Мухьаммад. КаIбате зерате воьдура иза, тIаккха шен цIа воьдура. ИбрахIим Пайхамаран динехь а волуш, цхьаъ волчу АллахIана Iибадат деш вара иза. АллахIе доьхуш вара иза шен къам бакъдолчунна тIехь нисдар. Кест-кеста Маккина гергахь болчу ломара Хьираъ олучу хьеха воьдура иза, цигахь цхьа хан йоккхий, цIа вогIура. Хадижата цунна тIаьхьа юург-мерг йохьуьйтура. Наггахь Хадижат Мухьаммадца (IалайхIис-солату вас-саллама) хьехахь Iара. Дала цунна кечдинчу гIуллакхехь гIо-накъостала деш, малх а, бутт а, латта а, стигланаш а, дерриге а Iалам а низамехь кхоьллина Волчух ойланаш еш.

АллахIан Iадатехь дара боданал тIаьхьа даима нур гучудаккхар. Ша кхоьллина адам телхича, АллахIа Элча воуьйтуш хилла, нахах къинхетам беш Ша волу дела. Нахана оьшура Пайхамар, дуьнен чуьра харцо дIаяккха а, мискачу нахана тIехь латтош долу зулам дIадаккха а, Iалам тодан а, бакъо, нийсо толо а, суьрташна гIуллакхдар дIатасийтина, цхьаъ волчу АллахIана Iамал яре кхайкхам бан а.

***Муртазаев Сайдмохьмад***

КХЕТОШ-КХИОР

# ВАХОШ ДОЛУ МАЛАРШ МАССО ЗУЛАМАН ДОГIА ДУ

Хастам бу Iаламийн Да Волчу АллахIана. АллахIера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала ваийтина волчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а.

Ислам – иза дуьненан барамехь дин ду, хIора стаг, доьзал, ерриг юкъаралла ийманехь хилийтар шен Iалашо йолуш. Шеца долчу интеллектуальни, синъоьздангаллин, социально-экономически баххашца шена чохь дехаш долчу адамашна дуьненахь, эхартахь ирсе, декъала хила аьтто бийр болу юкъаралла кхуллу цо.

Кхеташ ду, стаг могаш вацахь, цуьнан доьзалан бух чIогIа хир бац, иштта ша юкъаралла а хир яц шен кхиаран тIегIанехь кхачаме. Оцу сийлахьчу Iалашоне кхачархьама, Исламо бусалба стеган дахаран пхи бух ларбо:

1) Дин; 2) дахар; 3) хьекъал; 4) тIаьхье; 5) даьхни.

Вахош долу маларш мийлар – вайн заманахь баккхийчех бохам бу. Оцу зуламо тIаьхь-тIаьхьа дийр долчу зенан барам вайна хаа а йиш йоцчу хенахь, 14 бIе шо хьалха доьссина вахош долу малар къилахь хиларан хьокъехь долу Сийлахьчу Къуръанан аят. Веза-Сийлахьчу АллахIа оцу хьокъехь иштта боху: «ХIай ийман диллина нах! Баккъал а, вахош долу малар а, хьарам ловзарш а, жIараш а, палтасар а шайтIанан боьхачу балхах хIума ду, цунна генадовла шу, декъала хир ду шу» («Аль-Маидат», 90).

Дерриге гуш, хууш Волчу АллахIа вайна гайтина, хьарамчу новкъа ваьллачунна хир болу бекхам. Лахахь далийначу аятехь Веза-Сийлахьчу АллахIа хоуьйту Шен лешка: «Баккъал а, шайтIанна лаьа маларца а, хьарам ловзаршца а шуна юккъе мостагIалла а, оьгIазло а таса; АллахI хьехорх а, ламаз дарх а шу юхатоха лаьа цунна. Шайга ма де бохург дуьтий аш?!» («Аль-Маидат», 91).

Вахош долчу маларша Iаламат вуон Iаткъам бо вай лакххахь хьахийначу бусалба стеган пхеа хIоттамна. Вай уьш багарбина ца довллал дукха бу вахош долчу маларша дина зен бахьанехь лазартнешка кхаьчнарш. Царах цхьаболчийн психика галъяьлла, вукхара хоршанан цамгар токху, кIезиг бац зорхан-йоьхьийн цамгарш ерш а. Вахош долчу маларех ца даьлла беркат бахьанехь шаьш-шайн, кхидолу адамаш дайинарш, бахам дIабоьхкинарш, доьзалш бохийнарш дуккха бу. Иштта-чийн масалша вай дика кхето там бу вайн Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисах. Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Къаьркъанна гена хила шу, баккъалла, иза массо вочу хIуманан догIа ду» (Хьаким).

Билгалдаккха догIу, вахош долчу маларех лору шариIато адаман хьекъал, кхетам галбоккхуш дерг хIуъа а: наркотикаш, и.дI.кх. Меллачу чагIаран, оьзначу марихуанин барам (дукхалла) цхьана а хьесапе ца лору. IабдуллахIан кIанта Джабира (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Дуккха мелча вахош дерг кIеззиг малар а хьарам ду» (Абу Давуд).

Вахош долу малар меллачо ша-шена, гергарчарна, гонахарчарна, ерриг юкъараллина зен до. Исламан бакъонан – шарIан – яккхий таронаш ю и зулам ца даржийта. Оцу юкъа догIу, вахош долу малар муьйлучунна хир болу бекхам бовзийтар. Ибн Iумара (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Къаьркъа меллачунна жоьжахатин соьла малор ду АллахIа» (Баззар).

Исламо къилахь лору иштта къаьркъа кечдар а, иза дохкар а. Ибн Iумара (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «АллахIа неIалт аьлла къаьркъанна, иза молуш волчунна, иза дуттуш волчунна, иза духкуш волчунна, иза оьцуш волчунна, иза доккхуш волчунна, иза доккхуьйтуш волчунна, иза хьош волчунна, иза доуьйтуш волчунна» (Абу Давуд).

Билгалдаккха догIу кхин цхьаъ а. Мел халахеташ делахь а, тойнашкахь вахош долу маларш мийлар ламасте дирзина догIуш ду вайн заманахь. Машенаш лелочарна юккъехь кIеззиг ца хуьлу къаьркъа мелларш. Цундела совбевлла транспортаца боьзна некъан бохамаш, цигахь адамаш далар а.

Хьакхин жижиг а, иза дууш верг а жирга хета-кх вайна, къен еллачу хIуманах атталла куьг Iотта а луур дацара-кх вайх цхьанна а. Ткъа Исламо цхьана могIарера къинош лору вахош йолу хIума малар а, къен еллачу хIуманан а, хьакхин а жижиг даар а. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «АллахIа хьарам дина къаьркъа, цуьнан мах а, къиэн елла хIума а, цуьнан мах а, хьакха а, цуьнан мах а» (Абу Давуд).

Лараме вежарий, вахош долу маларш мийларо оьздавоцчу воккху стаг. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху вайга: «Шаьш шайн хIаллак ма де, баккъал а, АллахI Къинхетаме



Ву шуьца» («Ан-Нисаъ», 29).

Оцу зуламна, воьд-воьдуш, юкъа а воьдий, стаг шен къилбанах хеда, цIе южу цуьнан, гонахарчарна вуон масал хуьлий дIахIутту иза. Маларш муьйлучун болар, сурт-сибат данне а ца догIу нохчийн гIиллакх-оьздангаллица. Цундела вайн бакъо яц бендоцуш Iан, бIешерашкахь схьадаьхкина долу вайн къоман ламасташ, гIиллакхаш иштттачу наха шайн цIарматчу, товшдоцчу леларца талхош хиларе хьоьжуш. Юкъараллехь хуьлучуьнца бала болуш хила веза бусалба стаг. Вайн бакъо яц, вахош долу маларш мийларан цамгар кхетта болу вайн вежарий шайн балица шаьш бита. Уьш нийсачу новкъа баха, оцу боьхачу зуламах дIакъасто хьовса деза вай. Абу СаIи́да аль-Худрис (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Шух вуон хIума гиначо – иза шен куьйгаца хуьйцийла, нагахь шен ницкъ ца кхаьчнехь, – шен маттаца, тIаккха а ницкъ ца кхаьчнехь, – шен дагца; иза уггаре а гIийла ийман ду» (Муслим).

Вайн, берриге а бусалба нехан, декхар ду адамаш дикачуьнга кхойкхуш хила, вайна гонахара нах вуочух ларбан. Вай иштта ца хилахь, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлларг тIехIотта тарло вайна: «Баккъал а, адамашна зуламхо гича, цара и саца ца вахь, АллахI герга ву царна массарна тIе Шен Iазап доссо» (Абу Давуд, Тирмизи).

Лараме вежарий, хIара дуьне вайх дуьсур долуш ду. Даима хир йолчу ялсамане кхачархьама, Сийлахьчо тIедиллинарг кхочуш а деш даьхча гIолехь хир дацара вайна?! Эхартахь, Дала мукъ лахь, кху харцдуьненахь долчул гIоле дакъа кхочур ду вайна. Комаьршаллин шорто Шегахь йолчо боху Шен лешка: «Цара (АллахIана муьтIахь хиларехь) собар дарна, Цо (АллахIа) царна бекхам бийр бу(ялсаманин) бошмашца а, (дегIана аьхначу) дарешца а.Цигахь уьш Iийр бу маьнганаш тIехь тевжина. Царна гур бац цигахь малх а(йовхо), бутт а (шело). Гергахь хир ду царна (ялсаманин диттийн) IиндагIаш, охьакхевдина хир бу ценан стоьмаш (ирахIоьттина волчунна а, охьахиъна волчунна а, вижна волчунна а шайна тIекхача аьтто болуш).Царна тIехьийзар бу (оцу чохь) детин пхьегIашца, чекх сагучу кедашца а.Чекх сагучу детех долчу(кедашца), царна кхачам хир болчу барамехь(оцу кедаш чохь малар долуш).Царна малор бу цу чохь маларан кад, шех занжабил иэдина болу. Шовда ду иза, шех салсабиль олуш долу» («Аль-Инсан», 12-18).

АллахIа ялсаманин бошмашца совгIат дойла вайна. Сийлалла, Комаьршалла Шегахь йолчу АллахIана хастам бу.

# ДАЛА АЬТТО БИЙР БУ ХЬАН, АХЬ ЦИГАЬРКА ЙИТАХЬ!

Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: «АллахIа шена тIедиллинарг кхочуш а деш, Цунах кхоьруш волчун, АллахIа аьтто бийр бу цуьнан гIуллакхашкахь» («Ат-ТIолакъ», 4).

Хастам бу АллахIана, Iаламаш кхобуш, кхиош Волчу! АллахIера салам-салават хуьлда Iаламех къинхетам беш Дала Ша ваийтина волчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, дерриге хьелашкахь царна тIаьхьабаьзначарна!



Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: «Баккъал а, АллахIера Нур а, билггала жайна а (Къуръан) деана шуьга. Цуьнца маьршачу новкъа нисбо АллахIа Ша резаван къахьоьгуш берш. Шен лаамца боданашкара серлоне боху Цо уьш, нийсачу новкъа а хIиттабо» («Аль-Маидат», 15-16).

Ислам – дуьненан дин ду, адам кхетош-кхиор, могаш доьзал, къам, адамийн юкъаралла кхоллар шен Iалашо йолуш. Исламо ма-бохху кхоьллина йолу юкъаралла бе а барам боцуш дика хуьлу. Цу чохь дехачу адамашна дуьненахь а, эхартахь а ирс карор ду. Кхеташ ду, адам могаш ца хилча, бертахь, чIогIа болу доьзал а, юкъаралла а кхоллалур яц. И сийлахь Iалашо кхочушъярхьама, Исламо лоьху хIора бусалба стаган пхи хIума лардар: 1) дин; 2) дахар; 3) хьекъал; 4) тIаьхье; 5) даьхни.

Цигаьрка озар – Iаламат чолхе, зуламе лазар хилла дIахIоьттина тахана, цо вуно вуон Iаткъам бо вай лакхахь дагардинчу пхеа хIуманна. Медицинехь, психологехь Iилманчаша бинчу тIаьххьарчу талламаша Iеламнехан аьтто бина цигаьрка озаран хьокъехь мехала дош ала. Вай буьйцучу талламийн жамIаш сингаттаме ду. Шаьш ойлаел аш. Цигаьрка озар (ма-дарра аьлча) – йогуш йолчу цхьайолчу ораматийн сурсатийн кIур чуозар ду. Тонка озар – шуьйра яьржина йолу вуон амал, сакхталла ю (мел лахара а). Тонкано зен до иза узуш волчун могашаллина а, цунна гонаха болчарна а; деган, пхенийн, зорхан, пехан цамгарш кхиайо цо. Тонканан кIуьра юккъехь ю шайх канцерогенни олу хIуманаш (вещества).

**1. Цигаьрка озар а, цуьнан зене тIаьхье а**

ХIун «совгIат» до цигаьрка озаро? Цхьана цигаьркана юккъехь 6-8 мг никотин ду, ткъа оцу юкъара 3-4 мг цIийх дIаоь…

Стага оьзначу цхьана цигаьркин кIуьран йозаллин барам 0,5 г бу. Тонканан кIуьра юккъехь эзар сов тайп-тайпана компоненташ хилар гучудаьлла. 20 цигаьркех баьллачу кIуьра юккъехь (герггарчу хьесапехь) 0,032 мг аммиак ду, шен чухоамехь (объем) 0,15-0,46% долуш.

Цо хьу йолуьйту (кIамйо) баганан, меран чоьнаш, легаш, екъа къамкъарг, къамкъарг. Оццу кIуьра юккъехь 369 мл хьаьха (угарный) газ (углеродан окись) ю, шен чухоаман барам 5% болуш. Углеродан окисо новкъарло йо цIийн коьртачу балха тIехь – дегIан тайп-тайпанчу меженашка кислород дIакхачорехь… И дерриг зен тонка озаро деш ду.

Тонкано (бензопирен, радиоактивни изотопаш, мышьяк, полоний-210 и.дI.кх. – цуьнан дакъош ларало) кхиайо кхераме йолу дестаран цамгар (злокачественная опухоль). Дийнахь цхьа ботт цигаьрка узучун дегIаца хуьлу полоний 3-4-зза сов ду дуьненаюкъарчу барто кхераме дац аьлла магийначул а.

Къаьсттина зене бу яьгна чекхйолуш йолчу цигаьркан кIур. Оцу юкъахь: углеродан окись – 5-зза, бензопирен – 4-зза, никотин, смолаш – 3-зза, аммиак – 46-зза сов хуьлу, ткъа иштта кхийолчу дIаьвшечу хIуманийн барам лакхара хуьлу цуьнца.

Тонканан кIур цIеначу хIаваах 3840000-зза иэбан беза, иза садаIарна зене боцуш хилийтархьама. Томканан кIуьран зене хиларн барам (токсичность) 4,25-зза лакхара бу машено арахоьцучу газанчул а, 2,48-зза сов бу газови горелкано арахоьцучул а, 1100-зза сов бу адаман кийрара арадолучу хIаваачул а.

Тонка озар бахьанехь хила тарло божарийн 7 тайпанан, зударийн 9 тайпанан даI (рак) цамгарш. И бахьанехь, пехийн даI хилла ца Iаш, хуьлу балдийн, баганан чоьнан (полость рта) даI а. Туберкулез цамгар йолчарна юккъехь цигаьрка узурш шозза сов бу бисинчел. ГIеметта шаьш хIиттинчул тIаьхьа туберкулез цамгар кхеттачарах 95% цигаьрка узуш хилла бу. Дийнахь ши ботт цигаьрка узучарна рак цамгар кхета 20-зза герга ду иза узуш боцучарначул.

Цхьацца хабарш хеза, (иштточохь кIур кийра боьдуш цахиларна) луьлла (трубка) озар зене дац бохуш. Бакъду, оцу гIирсах пайда а оьцуш цигаьрка узучарна юккъехь даI цамгар ерш кIеззиг нисло, амма къамкъарган а, балдийн а даI цамгар гучуяла хьелаш кхуллу оцу балхо а.

Вайна ма-гарра, цигаьрка узучу стага ша шен дегI хIаллакьхиларе дуьгу. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: «Шайн догIмаш хIаллакьхиларе ма тийса аш» («Аль-Бакъарат», 195).

Къуръанан, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисийн бухехь, медицинан талламаш тидаме а оьцуш, Iеламнаха фетва далийна, цигаьрка озар хьарам ду аьлла.

**2. Цигаьрка озар муха диталур ду?**

Оцу чолхечу хаттарна жоп лоьхуш къахьоьгуш бу дуьненан дуккха Iилманчаш. Бакъду, царна хIинца а карийна бац оцу зуламах хьалхавоккху некъ. Тхуна хетарехь, оцу цамгарна уггар дика «дарба» хIара ду: Ийманехь нислуш, болх АллахIана тIе а буьллуш, Цуьнца йолу шен юкъаметтиг тояр. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: «АллахIа шена тIедиллинарг кхочуш а деш, Цунах кхоьруш волчун, АллахIа аьтто бийр бу цуьнан гIуллакхашкахь» («Ат-ТIолакъ», 4).

Цигаьрка узучунна хаа деза ша къа латош хилар а, къематдийнахь АллахIана хьалха шен жоп дала дезар дуй а. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: «Мискъала зарратал вуониг диначунна – иза гур ма ду» («Аз-Залзалат», 8).

Цигаьрка йитарехь Делера шена гIо деха деза, хIунда аьлча АллахIа гIо до къилахь долу хIума дар Шен дуьхьа дитинчунна. Доккха собар а оьшу оцу тIехь адамна, амма АллахI собар динчуьнгахьа ву. Деле деха мегар ду буса а, ламазна молла кхайкхинчул тIаьхьа а, ламазехь а, масала, кху кепара:



«Я АллахI, тонка озар къилахь хилар гайтахьа тхуна, лардехьа тхо оцу зуламах, цабезам кхоллахьа тхан цуьнга!»

Шен дуьхьа адамо цхьаъ дича, Дала цунна диканца бекхам беш хилар дицдан ца деза, амма, бакъду, лено оцу тIехь шегара собар а, синан чIагIалла а гайта еза. Оцу хьокъехь Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: «Баккъал а, собаре болчарна хьесап дар а доцуш юьззина дIалур ю шайн ял» («Аз-Зумар», 10).

И совгIат адамна эхартахь хир ду, амма АллахIан Комаьршалла хенан гурашна юкъа тарлуш яц. АллахIера къинхетам Цуьнан лена хила тарло дуьненахь а. Цигаьрка озаро деш долу зен толлучу Iилманчаша чIагIдо: «Адамо цигаьрка йитича, хIара дика белхаш хуьлу цунна: а) цо тIаьххьара цигаьрка оьзна 20 минот яьлча цIийн таIам а (артериальное давление), деган болх а шен хила безачу барамехь дIанисло; б) 8 сахьт даьлча дIанисло цIийца долчу кислородан барам; в) ши де-буьйса даьлча меттахIутту хIуманан чам хаабалар а, хьожа яр а; г) кIира даьлча чкъуран бос туоло, дегIах а, месех а, садоIуш арахоьцучу хIаваах йогIу боьха хьожа дIайолу; д) бутт баьлча (пехашца) садаIа атта хуьлу, корта лазар а, йовхарш еттаро сагатдар а дIадолу».

Тахана, шеко йоцуш, хууш ду, цигаьрка озар вуон амал хилла ца Iаш, шариIато бохург кхочуш ца дар а ду.

Цигаьрка узучо, нагахь санна ша къематдийнах тешаш велахь, оцу цамгарх хьалхавала некъ лаха беза. Вайн юкъараллин хIора декъашхо оцу гIуллакхна орцахваьлча а сов хир дац. Вайн вежарша шаьш-шайн хIаллакдечу хенахь, бен а доцуш, сапаргIат хилла, IадIан бакъо яц вайн. Тахана хIораннан декхар ду бусалба нах оцу зуламах ларбарехь дакъалацар. Аьтто белахь, иза дан деза шен куьйга (ницкъаца), и дан аьтто бацахь – хьокъала доллу дош аьлла а. Абу СаIи́да аль-Худрис (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Шух вуон хIума гиначо – иза шен куьйгаца хуьйцийла, нагахь шен ницкъ ца кхаьчнехь, – шен маттаца, тIаккха а ницкъ ца кхаьчнехь, – шен дагца, иза уггаре а гIийла ийман ду» (Муслим). Оцу зуламца къуьйсучарна гIо дар а тахана вайн декхар ду. Гуш лаьтташехь хIаллак муха хуьлуьйтур бу вайн вежарий?! Шаьш лелочух цаьрга юхабовларе а кхойкхуш, вай вешан дош ала деза тахана тонка духхуш болчаьрга а, иза узуш болчаьрга а. И зулам дIадаккхаран Iалашонца беш болу вешан болх вай уггар хьалха бан беза, Делан дуьхьа. Говза, хьекъале, хаза дош олуш, цIенчу даггара, нах нийсачу новкъа баха юкъ йихкина арадовла деза вай.

Веза-Сийлахьчу АллахIе доьху вай ваьш нийсачу новкъа дахар, Ша тIедиллинарг кхочушдан Цо вайна хьекъал, кхетам, ийман, собар далар! Хастам бу АллахIана, къематдийнан Паччахь Волчу!

***Илесов Iаьрби***

МЕХАПЧУХ

# ИСЛАМО ЗУДЧУН ЕН ТЕРГО

Хастам бу, Iаламийн Да Волчу АллахIана! АллахIера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала Ша ваийтина волчу вайн Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна !

Бусалба дин массо Iаламна даийтина тIаьххьара долу бакъ дин ду. Шена тIаьхьаваьзнарг муьлхха велахь (стаг я зуда), дуьненахь, эхартахь ирсе вийр волуш ду Делан цIена дин. Шен Сийлахьчу Къуръана чохь боху Веза-Сийлахьчу Дала: «Баккъала а, АллахIера Нур а, билггала жайна а (Къуръан) деана шуьга. Цуьнца маьршачу



новкъа нисбо АллахIа Ша резаван къахьоьгуш берш. Шен лаамца боданашкара серлоне боху Цо уьш, нийсачу новкъа а хIиттабо» («Аль-Маидат», 15-16).

Адамийн тарихехь (историехь) бусалба дин т1едале бIешерашкахь сийсазбина зударий. Зударийн са дац, уьш иблисан эскарш ду, бохуш, таIзарш дина царна. Адампайхамаре (Делера салам хуьлда цунна) ялсаманин стом кхаллийтина, иза оцу чуьра араваккхийтарна бехке Хьава ю аьлла, харц цIе кхоьллина, и бахьана дина, массо зуда дуьнен чу йолушшехь къа долуш ю бохуш, бIешерашкахь хьийзийна зударий Европехь.

Яханчу заманахь цкъа а ца хиллачу сийлахьчу, ларамечу тIегIан тIе яьккхина Исламо зуда. Сийлахьчу Къуръанан бIе дейтта суратах ши сурат – «Ан-Нисаъ» («Зударий»), «Маръям» («Марем») цIерш йолуш ду. Ислам бакъ дин хилар гойту цуо зударийн бечу тидамо, церан бечу ларамо. Уггар хьалха Исламо билгалдоккху, стаг, зуда цхьаннах схьадаьлла хилар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «ХIай нах! Шаьш кхоьллинчу Делах (Цуьнан Iазапах) кхера шу, цхьана дегIах (Адамах) шу кхоьллина, цунах цуьнан зуда (Хьава)кхоьллина, цаьршиннах дукхха а божарий, зударий баржийна Волчу» («Ан-Нисаъ», )1.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «ХIай ийман диллинарш, АллахIах кхералаш, Цунах кхера ма-деззара, шу дала а ма лойла, шаьш бусалба долуш бен» («Алу Iимран», 102).

Далла гергахь, сий, ларам стаг я зуда хиларца доьзна дац, хIораннан иймане хьаьжжина бу сий-ларам. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: «ХIай нах, Оха шу кхоьллина боьршачух а, стечух а. Оха шух дан а дина къаьмнаш а, тайпанаш а, шуна вовшийн довзийта. Баккъалла а, шух АллахIана гергахь сий дерг – шух алсам Делах кхоьруш верг ву» («Аль-Хьужурат», 13).

Дуьнен чохь йинчу дикачу Iамална эхартахь бекхам цхьатерра бийр болуш ву Комаьршаниг. Летийначу къиношна бекхам беш, АллахIа стагана, зудчунна юккъехь озабезамаш, къестамаш бийр бац.

Исламо зуда, стаг санна, адамийн юкъараллин декъашхо лоруш ю. Стагал оьшуш яц иза, я гIоле яц. Божаршна гIоьнча хилла, Делан дош ойбуш, Исламан историехь жигара дакъалаьцна зударша. Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уггар хьалха ийман диллинарг бусалба нехан нана йолу, цуьнан хIусамнана Хадижат (Дела реза хуьлда цунна) ю. Абу Бакран йоI Асмаъ (Дела реза хуьлда цаьршинна) хилла Делан Элчанна а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), шен дена а (и шиъ къайлах Макка хIижрате ваха новкъаваьлча) яахIума кхоьхьуш. Хийла гIазоташкахь (чевнаш ерзош, кхача кечбеш) дакъалаьцна зударша. Исламехь уггар хьалха гIазотехь кхелхинарг Ясиран хIусамнана ю – Сумаййа (Дела реза хуьлда царна), Дела цхьаъ варна тIера ца йолуш, шен са дIаделла йолу. Ясиран доьзал Делан мостагIаша хьийзош, царна дан гIо доцуш гатвеллачу Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира цаьрга: «Собаре хилалаш, хIай Ясиран доьзал, баккъала, Дала шуна кечйина хIусам – ялсамани ю шуна».

ШариIато, стагана санна, зудчунна а билгалбина и дуьненахь, эхартахь ирсе йийр йолу некъ. Дала нийсонца елла царна бакъонаш, хьикматца тIедехкина декхарш. Цаьршиннан бакъонаш цхьатерра (тождественные) хуьлийла дац, хIунда аьлча АллахIа, Шен Iилманца, хьикматца церан догIмаш, хьекъалш тайп-тайпана кхоьллина. Зударийн бакъонаш шатайпа хиларо гойту вайна Исламо царна тидам тIебахийтар, церан ларам бар.

Юкъаралла кхиарехь, къоман хIоттарехь коьрта меттиг д1а лоцу хIусамо. Исламо зуда хIусаман хьакъйолу декъашхо лору. Стаг доьзалан да хилар санна, зуда а ю берийн нана. Цаьршимма цхьаьна кхиабо шайн доьзал. Бакъонаш яларе терра, декхарш ду Исламо зудчунна тIедехкина. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Зударийн бакъонаш ю, царна тIехь долу декхарш санна. Амма божаршна царна тIехь дарж ду» («Аль-Бакъарат», 228).

Майрачо шена луъург дан мега бохург дац иза, цуьнгахь долчу жоьпаллина бина аьтто бу. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Къонахий зударшна тIехIиттийна бу АллахIа, цхьаберш вукхарал базбар бахьана долуш, цара шайн дохнах урдона делла хIума бахьана долуш. ТIаккха дика зударий – муьтIахь берш, къайлахдерг Iалашдийраш бу, АллахIа Iалашде аьлла долу» («Ан-Нисаъ», 34).

ШариIато билгалйина зудчун майрачунна хьалха йолу бакъонаш. Уьш ю:

1. Майра декхар ву шен зудчунна яа, мала, тIеюха, хIусам хилийта, цунна хьехам бан, кхето. Нагахь, майрачунна муьтIахь йоцуш, дуьхьалъялахь, Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Шайна Iеса бовларна кхераме болчу зударшна хьехам бе; (цунах пайда ца хилахь), вуьжучу меттах къастабе уьш; (цунах пайда ца хилахь), тоха царна (хьехам хилийтарна, лазорна доцуш). ТIаккха уьш шуна муьтIахь хилахь – царна зулам дан некъ ма леха аш. Баккъала, АллахI Лекха-Сийлахь а, Воккха а ма ву» («Ан-Нисаъ», 34).

2. Иштта декхар ву иза шен хIусамнанна (иза дин девзаш яцахь) дин Iамо, хьеха. Шен аьтто бацахь, дин хьоьхучу хьуьжаре, маьждиге, кхийолчу мажлисе яха пурба дала деза цуо цунна.

3. Майра декхар ву шен зуда дино ма-бохху лелийта. Цуо дехка деза цунна оьзда доцучу духаршца хийрачу нахана юкъа ялар. Зуда гIиллакхах ца йохийтарна, Далла Iеса ца ялийтарна жоьпаллехь ву стаг. Iумаран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла:«Шух хIора а Iу ву, хIораммо а жоп дала дезар ду шен Iуналлех. Имам Iу ву, шен Iуналлех жоп дала дезар долуш ву. ХIора стаг шен доьзалехь Iу ву, шен Iуналлех жоп дала дезар долуш ву. Зуда шен майрачун хIусамехь Iу ю, шен Iуналлех жоп дала дезар долуш ю. Ялхо шен элан дохнна тIехь Iу ву, шен Iуналлех жоп дала дезар долуш ву. Шух хIора а Iу ву, хIорамма а жоп дала дезар ду шен Iуналлех» (Бухари, Муслим).

4. Зудчунна тIе ялийна эмгар елахь, цаьршинна юккъехь нийсо лело езаш ву цIийнада. Веза-Сийлахьчу Дала боху:«Шаьш нийсо ца ярна кхерахь, цхьа зуда ялаяй тоийта» («Ан-Нисаъ», 3).

5. Шен зудчун къайленаш, цуьнан сакхташ нахе цадийцар тIехь ду майрачунна.

Зудчунна тIехь а ду майрачунна хьалха кхочушдан деза декхарш

Бусалба дино иштта билгалдаьхна уьш:

1. Шен майрачунна муьтIахь хила езаш ю иза (Далла Iеса хилар доцчу, массо хIуманна тIехь). Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Ас цхьаьнга омра деш хилча, цхьанна сужда де аьлла, ас зудчуьнга омра дийр дара, шен хIусамдена сужда де аьлла» (Тирмизи).

2. Майрачун сий лардан декхарийлахь ю зуда. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: «Къонахий зударшна тIехIиттийна бу АллахIа, цхьаберш вукхарал базбар бахьана долуш, цара шайн дохнах урдонна делла хIума бахьана долуш. ТIаккха дика зударий – муьтIахь берш, къайлахдерг Iалашдийраш а бу, АллахIа Iалашде аьлла долу» («Ан-Нисаъ», 34).

3. Шен майрачун пурба доцуш кертара ара ца ялар, бIаьрг ларбар, тийна-таьIначу озаца йистхилар ду зудчо кхочушдан дезаш долу декхар. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху:«Шайн чохь соьцийла шу, иймане дахкале йолчу заманахь санна духарщца кеч ма лойла» («Аль-Ахьзаб», 33).

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Ахь ала (хIай Пайхамар) ийман диллинчу зударшка, (хьарам долчух) шайн бIаьргаш охьахьажабе, шайн бехке меттигаш ларъе, шайн хазалла ма гайта (хийрачарна), ша цунах ган магийна (юьхь, ши куьг) йоцург» («Ан-Нур», 31).

Бусалба дин – адаман коьрта, ца хилча ца долу пхи хIума Iалашдан даийтина Везчу АллахIа: 1) дин; 2) дахар; 3) хьекъал; 4) тIаьхье; 5) даьхни.

Уьш дерриге кхочушдалур дац стаге, ша оьздачу нанас ца кхиийнехь, дахарехь шена юххехь тешаме хIусамнана яцахь, ийманехь доьзал бацахь. Цундела бо Исламо зударийн тергам, ларам. Церан дола динчарна йоккха ял кхайкхайо. Iамиран кIанта Iукъбата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Шен доьзалехь йолу кхоъ йоI собарца, яа, мала, тIедуха латтош кхиийначунна – цунах жоьжахатина дуьхьало хир ю» (Ахьмад, ибн МажахI).

Къаьсттина терго йо бусалба дино деца-ненаца дика хиларан. Анасера (Дела реза хуьлда цунна) деанчу хьадисехь аьлла ду, да-нана резадинчо, Дела резавина аьлла. Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Со вахара ялсамани чу, суна хезира цу чохь дешар, тIаккха ас хаьттира: «ХIара мила ву?» Цара жоп делира: «НуIманан кIант Хьарисат ву, дика хилар иштта дукх, дика хилар иштта ду-кх, и вара шен ненаца дика хиларехь уггар дикачарах» (Хьаким).

ЗухIрис далийна хIара хьадис. Iелин кIанта Хьасана (Дела реза хуьлда цаьршинна) шен ненаца кхача ца буура. Цуьнан бахьана хIун ду аьлла хаьттича, жоп деллера цуо: «Ларамаза цунна езарг кхаьллина, нанна Iеса ваьлларг хиларна кхоьру со».

Веза-Сийлахьчу Дала Шен къинхетамца бусалбанаш дина вайх. Бусалба дино, вайн Iадаташа кхойкху вайга зударийн сий даре, доладаре. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Зударшна дика хила алий, вовшашка весет де» (Бухари, Муслим).

Дала Ша резаволчу некъа дIадахха ийман, собар,Iилма лойла вайна массарна а – зударшна, божаршна!

*Илесов Iелин Iарби*

ХАТТАРШ А, ЖОЬПАШ А – ШАРИIАТЦА

**Воккхачу стага, ша велча, шен кошана догIа аьлла кечдина чурт ду, хIокху метте дIаволла аьлла, билгалйина меттиг а ю. Ткъа иза валале хьалха цигахь чурт хIоттадайта мегий?**



Шена чурт кечдар шариIатехь бехке хир дац. ХIокху меттехь со дIавуллур ву аьлла меттиг билгалъяр - иза бакъо йолуш дац, и весет дIадохуьйтур дац. Кешнийн хьаьрма юьртара бахархойн массеран а цхьатерра меттиг ю. Цуьнан бакъо ю ша Iаш волчу кертахь, шен декъа тIехь, шена луъучохь тIулг а боьгIна, дIаволла ала.

**Декхар даларан хIун бехкамаш бу шариIатехь?**

Дала ( Веза-Сийлахь ву иза) Къуръан чохь боху: «ХIай, имадиллина нах! Шаьш декхарш луш хилча, цхьа тоьхна хан йолуш (хIокху хенахь схьалур ду ша аьлла) аш дIаяздойла иза». И иштта ца хилча: «Деллехь, ахь суна хан ма тоьхнера, оцу хене ма ца кхаьчна со», - аьлла, девне вала а герга ду. «Ахь соьга делла декхар хIоккхул ма дацара», - ала а тарло. Цундела, декхар луш делахь, иза йозанца дIаязде, теш хIоттаве боху вайга. Тоьшаллина дац и йоза, вицваларна кIелхьаравоккхуш ду иза. Дала вай вовшийн гIодар дезнера, вайха бинчу къинхетамца вай вовшийн вежараллехь чIагIдар лоьху Дала декхар даларехь.



**Стаг цхьадолчу хIуманна тIехь комаьрша ца хилча, иза ялсамане гIур вац олу, цунах ша кхетавахьара боху.**

Дала Ша вай кхоьллинчул тIаьхьа вайн кара рицкъанаш дохкуьйту. Цхьаволчунна алсам, кхечунна гаттам бина. И дукха даьхни карадаьхкина берш, и хьал карадайтарца зуьйш ву и Дела. Куралла йо те цо ( ХIамана а, ПирIунна йинарг санна) я комаьршалла йо те цо цуьнца ( Абубакар Сиддикъа а, Iусмана а йинарг санна). КIезиг даьхни карадаьхкина берш къеллица, гатталица зуьйш ву Дела. Цхьа кица далор ду ас эццахь. Гуьмсехь дуьххьара маьждиг дугIучу заманчохь, кхайкхабора и маьждиг деш гIо лаьцна болу нах, хIокхо хIара деана, вукхо хIара деана олуш. ТIаккха ши шай оцу маьждигана делла а боцчу дешначу наха бехк буьллура, и кхайкха хIунда до бохуш, хьадис а далош. И ца хууш тхо а дацара, хIетахь ас, хьалагIаьттина, элира: «ХIай нах, со жима велахь а, ца аьлча ца волу со, ладогIал! И шуна гина хьадис тхуна а гина. ХIокху маьждигана дукха даьхни деза (хIинца сана Iедало деш дацар маьждигаш). Лакха эвла йисттера стаг ги дукъо а диллина, хьо стенга воьду аьлла шега хаьттича, ша хIара маьждигана эцна воьду бохуш, и дуьйцуш охьавеача, и гIиллакх дац шуна. Амма и гIо деш болу нах вай кхайкхийч , кхечарна а дагадогIур ду изза, тIаккха бен вайга хIара маьждигаш далур дац». Иштта маьждигаш дуьйгIира оцу хенахь. Делан пурбанца, хIинца санна паргIато хуьлда вайна, динан хьашташ кхочушдан массо а хенахь.

**Цхьаболчу наха шайн бежана а, уьстагI а цомгаш хилча, урс а хьокхий, базара дохка хьо цуьнан жижиг. Иза мегаш дуй?**

Шен хьайба цомгаш хилча, хIара кхин хьаште (пайде) дац, цхьа пайда бан беза хIокхунах аьлла, цунна урс хьокхуш волу стаг бехке хир ву Далла хьалха а, Iедалан низамна гергахь а. Цамгарш тайп-тайпана хуьлу: цхьаерш хьайбанера нахана схьекхеташ ю, цундела лоьрера сацам болуш бен дохка мегар дац жижиг.

*Хаттаршна жоьпаш делла*
*КЪКФО-н Iелимнехан кхеташонан куьйгархочо*
*Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас.*

ПОЗНАВАТЕЛЬНО

# Почему мечети строят с минаретами?

Сегодня невозможно представить облик мечети без минарета. Это высокое башнеобразное строение, возводимое в углу (или углах) культового сооружения мусульман. С какой цели строят минареты, были ли они у ранних мечетей и когда появились впервые, об этом в нашем материале.

Слово «минарет», или «манара», по-арабски – «место, где что-нибудь зажжено», или «излучающее свет», то есть своего рода «башня света», «маяк». В прежние века минареты прибрежных городов действительно использовали в качестве маяков, по которым корабли определяли правильный курс.

Основная функция минаретов это, конечно, призыв мусульман в мечеть на молитву. Пять раз в день муэдзины поднимались по лестнице на площадки минаретов и оглашали азан. Чем выше минарет – тем дальше слышен голос муэдзина.

И хотя сегодня такой необходимости в минаретах нет, ввиду наличия звукоусилительной аппаратуры, их продолжают возводить, сохраняя традиционный облик мечетей.

В первых мечетях минареты отсутствовали по причине их простоты.

В сборнике хадисов имама Абу Давуда в разделе «Азан» приводится рассказ Ибн Саада (да будет доволен им Аллах):

«В окрестностях вокруг мечети Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) (в Медине) мой дом был самым высоким, и Билял провозглашал азан с крыши моего дома вначале, пока Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) не закончил строительство своей мечети. А после окончания строительства мечети провозглашал азан с крыши мечети. В дальнейшем ему на крыше соорудили возвышенность, с которой он провозглашал азан».

Со временем мусульмане стали возводить отдельные башни для оглашения азана.

Уже в пятьдесят третьем году по хиджре Муавия ибн Абу Суфьян (да будет доволен им Аллах) дал указание на строительство минарета.

По поводу того, кто же всё-таки первым построил минарет, мнения историков разделились. Одни утверждают, что первый минарет построил правитель Басры Зияду ибн Убайх (да будет доволен им Аллах) по указанию Муавии.

Другие придерживаются мнения, что первые минареты были возведены в мечети «Амр ибн аль-Аса» в Фустате (старый Каир) по указанию египетского наместника Масляма ибн Мухалляда (ум. 682). Это были четыре башни, располагавшиеся по углам мечети. Эта версия считается более достоверной. При этом первым, кто провозгласил азан с этого минарета, был Шурахбиль ибн Амр.

*Муслимова М.*

**Продолжается подписка на газету «Исламан зIаьнарш»!**
**Двадцать девять лет прошло с тех пор, как вышел первый номер религиозно-просветительской газеты «Исламан зIаьнарш».**
**На ее страницах публикуются проповеди, газета рассказывает об основах религии Ислам, о жизни святых авлийа, о наших прекрасных обычаях и традициях... Также читатель может узнать о достойных, благородных поступках и жестах наших соотечественников. У каждого из нас есть возможность подружиться с этой газетой, задать редколлегии вопросы, посоветоваться, рассказать о наболевшем...**
**Пишите в газету «Исламан зIаьнарш», подписывайтесь на газету «Исламан зIаьнарш»! Цена на подписку: на полугодие – 360 рублей, на год – 720 рублей.**

**Учредитель:**
Министерство информации и печати Чеченской Республики

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Хож-Ахмад-Хаджи Кадыров**
**Основатель газеты Масуд Заурбеков**
**Главный редактор Магомед Заурбеков**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori-islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928,
Газета зарегистрирована в УправленииФедеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00II0.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц по четвергам на русском и чеченском языках. Цена свободная. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 12.08.2020 г. 15:00. Подписано в печать: 12.08.2020 г. 16:00. Заказ №_________ Газета отпечатана в типографии издательства ООО «Плаза». Адрес: 357748, г. Кисловодск, ул.Седлогорская, 161.

16+